



Pou Piblikasyon Imedya: 13/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10.25 MILYON DOLA POU ELAJI SÈVIS ADIKSYON POU NOUYÒKÈ DEFAVORIZE YO

*Finansman Federal pou sipòte devlopman inite mobil atravè Eta New York*

*Finansman pral pèmèt 15 founisè sèvis sipòte sèvis sensibilizasyon nan lari nan Vil New York, Southern Tier, ak Mohawk Valley tou*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 10.25 milyon dola nan finansman federal pou ranfòse sèvis rediksyon domaj pou popilasyon majinalize ak popilasyon ki gen gwo risk yo atravè New York. Adminstre pa Biwo Eta New York pou Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) an, yo destine 5.75 milyon dola pou sipòte devlopman inite medikaman mobil yo, epi y ap bay 4.5 milyon dola pou ede 15 founisè etabli inite sansibilizasyon nan lari pou angaje popilasyon ki gen difikilte pou jwenn swen yo.

"Administrasyon mwen an ap kontinye sèvi ak tout zouti ki adispozisyon nou pou nou ede moun ki afekte nan adiksyon yo epi adrese konsekans akablan dòz eksefif genyen sou kominote yo atravè eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "10.25 milyon dola yo anonse jodi a pral ede finanse sèvis enpòtan sa yo epi ede konekte Nouyòkè yo ak sipò ak resous yo bezwen pou kraze sik adiksyon visye a."

**Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta New York la, Chinazo Cunningham, te deklare,** "Chak moun gen diferan bezwen ak objektif ki gen rapò ak rekipirasyon pa yo, epi nan OASAS, nou devwe pou rankontre yo nenpòt kote yo ye epi ofri nenpòt èd yo bezwen pou atenn objektif yo. Nouvo inite medikaman mobil sa yo ak efò sansibilizasyon nan lari yo pral pèmèt nou konekte ak popilasyon ki gen gwo risk yo, angaje plis moun, epi konekte yo ak asistans ak sipò ki kapab sove lavi."

### **Inite Medikaman Mobil yo**

Inite mobil sa yo ap ofri sèvis ki enkli evalyasyon pou admisyon ak inisyasyon medikaman, administrasyon ak obsèvasyon medikaman, tès toksikoloji, ak lòt sèvis medikal. Devlopman inite medikaman mobil yo te posib gras ak yon chanjman nan règ

Administrasyon Federal pou Lit kont Dwòg (Drug Enforcement Administration, DEA)  
Etazini an, ki te pèmèt founisè tretman ki egziste deja yo opere yo.

Finansman sa a pou inite yo te bay atravè Sibvansyon pou Repons kont opyoyid Eta (State Opioid Response Grant) federal la, ke Fondasyon Rechèch pou Ijyèn Mantal ak OASAS administre konjwentman. Founisè sa yo ap resevwa yo chak 550,000 dola pou etabli nouvo inite medikaman mobil yo:

#### **Vil New York**

- PROMESA, Inc. (Bronx)
- PROMESA, Inc. (Kings)
- West Midtown Management Group, Inc., DBA West Midtown Medical Group

#### **Western NY**

- PROMESA, Inc. (Chautauqua)
- PROMESA, Inc. (Erie)

#### **Mid-Hudson**

- Cornerstone Family Healthcare

Founisè sa yo pral resevwa 350,000 dola pou sipòte devlopman kontinyèl inite medikaman mobil yo. Founisè sa yo te deja resevwa 200,000 dola nan kòmansman ane sa a pou inisyativ sa a.

#### **Capital Region**

- PROMESA, Inc.

#### **NY Santral**

- Helio Health, Inc.

#### **Finger Lakes**

- Strong Memorial Hospital

#### **Mohawk Valley**

- Helio Health, Inc.

#### **Vil New York**

- Vocational Instruction Project (VIP) Community Services, Inc.

#### **North Country**

- Credo Community Center for the Treatment of Addictions, Inc.

#### **Southern Tier**

- Ithaca Alpha House Center Inc. DBA Cayuga Addiction Recovery Services

## **Western NY**

- BestSelf Behavioral Health, Inc.

## **Sansibilizasyon nan Nivo Lari**

Anplis inite mobil yo, finansman federal yo pral itilize tou pou elaji ak amelyore sèvis rediksyon domaj nan katye Harlem, West Midtown, Lower East Side, ak Bronx nan Vil New York, ansanm ak nan kominote ki nan rejyon Southern Tier ak Mohawk Valley. Atravè inisyativ sa a, travayè sansibilizasyon yo pral vizite zòn kote popilasyon ki gen gwo risk yo gen tandans rasanble - kote tankou pak ak kan pou moun k ap fè fas ak sitiasyon sanzabri yo — pou ofri prevansyon ak edikasyon sou dòz eksèsif, dispense ak preskri nalokson, edikasyon sou sèks san danje ak jesyon enfeksyon ki seksyèlman transmisib, ak koneksyon ak lòt sèvis.

Inisyativ sa a fè pati efò kontinyèl OASAS pou elaji sèvis rediksyon domaj nan tout Eta New York. [Rediksyon domaj](#) gen ladann aksè ak limit ki ba an tèm medikaman pou maladi itilizasyon opyoïd ak lòt sèvis medikal, sèvis sipò ant kanmarad, ak referans nan lòt sèvis, tankou vizit swivi pou kontinite swen.

Finansman pou inisyativ sansibilizasyon an te bay atravè Sibvansyon Global pou Prevansyon ak Tretman kont Abi Sibstans federal la. Founisè ki gen yon sèl lokal yo resevwa jiska 250,000 dola, alòske sila yo ki gen de lokal yo ap resevwa jiska 400,000 dola.

## **Founisè ki gen yon sèl lokal yo enkli:**

### **Vil New York**

- Promesa Inc.
- BOOM! Health
- Bowery Residents Committee, Inc.
- National Harm Reduction Coalition
- Upper Manhattan Mental Health Center
- Housing Works
- Odyssey House
- Samaritan Daytop Village
- St. Ann's Corner of Harm Reduction
- Vocational Instruction Project Community Services, Inc.

## **Founisè ki gen de lokal yo enkli:**

### **Vil New York**

- Exponents, Inc.
- Harlem United Community AIDS Center
- OnPoint NYC
- Services for the Underserved, Inc.

## **Southern Tier/Mohawk Valley**

- The REACH Project, Inc.

**Senatè Charles E. Schumer te deklare,** "New York nan premye liy kriz opyoyid la, epi finansman sa a pral abòde kè epidemi sa a nan elaji aksè ak swen, bay moun yo sipò yo bezwen pou yo retounen sou pye yo, epi sove lavi yo. Nou bezwen yon apwòch i enkli tout sa ki pi wo a: plis entèdiksyon, prevansyon, tretman ak rekiperasyon pou konbat sikilasyon dwòg ak ede moun ki soufri adiksyon yo yon fason ki pi efikas. Se poutèt sa mwen fyè pou delivre finansman sa a jodi a - epi se poutèt sa mwen te goumen pou ogmantasyon istorik pou sèvis adiksyon nan pwojè lwa soulajman COVID yo, epi se poutèt sa mwen pral kontinye goumen ak pou ogmantasyon nan pwogram federal sa yo pou bay New York tout resous ki nesèsè pou konbat kriz opyoyid la ki alimante pa fentanil."

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Pandan kèk ane de sa, repons Etazini an fas ak dòz eksèsif epidemi nou an te manke yon eleman enpòtan: ki se aksè toupatou ak tretman. Mwen te goumen depi lontan pou ouvri pòt aksè ak popilasyon ki pa jwenn ase sèvis yo ak popilasyon ki defavorize yo atravè lejislasyon enpòtan, ki gen ladan Lwa sou Entegrasyon Tretman Adiksyon (Mainstreaming Addiction Treatment Act) ak Lwa sou Re-entegrasyon Medicaid (Medicaid Reentry Act) mwen an epi tou mennen yon kanpay finansman pou Sibvansyon Global pou Prevansyon ak Tretman kont Abi Sibstans federal la. Pandan ke gen plis bagay ankò pou nou fè pou amelyore tretman ak sipòte mezi rediksyon domaj, mwen fyè de travay sa a e mwen rekonesan pou tout moun ki enplike nan bay tretman pou sove lavi kominote New York nou yo."

Eta New York te mete sou pye yon apwòch agresif, ki gen plizyè branch pou rezoud epidemi ovèdòz la, epi li te kreye yon seri swen nasyonal pou adiksyon ak sèvis konplè prevansyon, tretman, retablisman ak rediksyon domaj. Eta a te travay pou agrandi aksè a sèvis tradisyonèl yo, ki genyen ladan yo pwogram sèvis kriz, pasyan ki entène, pasyan ekstèn, ak pwogram tretman rezidansyèl, ansanm ak medikaman pou tretman adiksyon, epi tretman mobil ak sèvis transpò.

Gouvènè Hochul te yon manm Gwoup Travay sou Ewoyin ak Opyoyid nan Eta New York (NYS Heroin and Opioid Task Force) la ki, an 2016, te rekòmande nouvo sèvis ki pa tradisyonèl, ki genyen ladan yo sant retablisman yo, paviyon pou jèn yo, agrandi sèvis konpayon yo, ak sant aksè lib yo, k ap bay evalyasyon ak referans pou swen imedyè. Kounye a sèvis sa yo nan kominote yo toupatou nan eta a epi yo te ede Nouyòkè ki nan bezwen yo jwenn swen pi pre kote yo abite.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

N ap jwenn tretman pou adiksyon ki disponib yo gen ladan swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki entène yo, swen rezidansyèl, oswa swen pou

pasyan ekstèn, lè nou itilize Tablodbò Disponibilite Tretman OASAS NYS la nan [FindAddictionTreatment.ny.gov](https://www.findaddictiontreatment.ny.gov) or through the [sitwèb OASAS NYS la](#).

Si oumenm, oswa yon pwòch ou, te eksperimante obstak nan asirans ki gen rapò ak tretman oswa bezwen pou ede depoze yon apèl pou yon reklamasyon yo te refize, kontakte liy èd CHAMP lan pa telefòn nan 888-614-5400 oswa [voje yon imèl](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418